

Commonwealth Massachusetts

DEPATMAN SÈVIS PIBLIK YO

AVI SOU DEPO, ODYANS PIBLIK, AK DEMANN POU KÒMANTE

D.P.U. 25-20

13 Jen, 2025

Petisyon NSTAR Electric Company, ki fonksyonnen avèk non Eversource Energy, Massachusetts Electric Company ak Nantucket Electric Company, chak ki fonksyonnen avèk non National Grid, epi Fitchburg Gas and Electric Light Company, ki fonksyonnen avèk non Unitil pou apwobasyon Depatman Sèvis Piblik pou Pwopozisyon Pwosesis Planifikasyon Sistèm Alontèm Konpayi yo, jan Depatman an te endike nan Plan Modènizasyon Sektè Elektrik la, D.P.U. 24-10/D.P.U. 24-11/D.P.U. 24-12 (2024).

Nan dat 9 Me 2025, NSTAR Electric Company ki fonksyonnen avèk non Eversource Energy ("NSTAR Electric"), Massachusetts Electric Company ak Nantucket Electric Company, chak ki fonksyonnen avèk non National Grid ("National Grid"), epi Fitchburg Gas and Electric Light Company, ki fonksyonnen avèk non Unitil ("Unitil") (yo tout ansanm deziyen kòm "Konpayi Distribisyon") te soumèt bay Depatman Sèvis Piblik la ("Depatman") yon pwopozisyon Pwosesis Planifikasyon Sistèm Alontèm ("LTSP") pou egzamen ak apwobasyon. Depatman an te anrejistre afè sa a kòm D.P.U. 25-20.

Nan kad D.P.U. 20-75, Depatman an te etidye posiblite pou etabli yon kad optimal planifikasyon sistèm alontèm pou sèvi enterè piblik la, ofri avantaj pou kontribyab yo, pèmèt yon koneksyon efikas ant Resous Enèji Distribye yo ("DER"), soutni Envestisman Konpayi Distribisyon yo nan enfrastrikti yo nan yon sistèm enèji elektrik ("EPS") ki an sekirite, fyab, ak rezistan, epi ankouraje politik enèji Commonwealth la. Planifikasyon Resous Enèji Distribye Konpayi Distribisyon Elektrik yo (1) ak (2) Afektasyon ak Rekouvremant Pri Entèkoneksyon Pwodiksyon Desantralize, D.P.U. 20-75, Ankèt sou Ouvèti Vòt ak Lòd. Lwa sou Enèji Pwòp 2022 a ("Yon Lwa ki Favorize Enèji Pwòp ak Enèji Van Bò Dlo"), kote Lejislati a te adopte yon nouvo pwosesis ak nouvo egzijans pou planifikasyon sistèm elektrik alontèm, te ranplase efektivman ankèt Depatman an nan D.P.U. 20-75. St. 2022, c. 179, § 53; G.L. c. 164, § 92B(a). Kont teni de sa ki sot mansyone a, Depatman an te detèmine ke ankèt nou an sou yon kad planifikasyon sistèm alontèm te diskite, e pakonsekan, li te fèmen envestigasyon nou an sou kad la. D.P.U. 20-75-C, Lòd ki Fèmen Ankèt sou Pwogram Planifikasyon Sistèm Alontèm (2022).

Nan premye dokiman Plan Modènizasyon Sektè Elektrik la (“ESMP”), Konpayi Distribisyon yo te pwopoze pou travay avèk pati konsène ki enterese yo pou devlope pwopozisyon LTSP a avèk itilizasyon analiz, pwosesis, pwopozisyon ak kòmmanse ki soumèt nan D.P.U. 20-75 la. Plan Modènizasyon Sektè Elektrik yo, D.P.U. 24-10/D.P.U. 24-11/D.P.U. 24-12, nan 335-336 (2024). Depatman an te jwenn rekòmandasyon Konpayi Distribisyon yo pou devlope pwopozisyon LTSP a apre sèt mwa abitraj ESMP a te rezonab epi li te ensiste sou nesesite pou Konpayi Distribisyon yo devlope pwopozisyon LTSP a apre piblikasyon Òdonans lan nan bon moman pou pa retade pwogrès nan reyalizasyon objektif enèji ak klima Commonwealth la. D.P.U. 24-10/D.P.U. 24-11/D.P.U. 24-12, nan 336.

Pou akonpli sètèn objektif, Depatman an te mande Konpayi Distribisyon yo pou yo reyini yon gwoup travay ki gen li pati konsène yo ak pou fasilite yon pwosesis konsiltasyon pati konsène yo ki konfòm avèk direktiv ki dekri la a. D.P.U. 24-10/D.P.U. 24-11/D.P.U. 24-12, nan 337-338. Depatman an te òdone pou Konpayi Distribisyon yo soumèt bay Depatman an yon rapò final sou eta avansman an, ansanm ak pwopozisyon konsansis final ak yon rezime an detay sou domèn dezakò yo oplita le 4 avril 2025. D.P.U. 24-10/D.P.U. 24-11/D.P.U. 24-12, nan 337. Nan dat 3 avril 2025, Konpayi Distribisyon yo te depoze ansanm yon mosyon pou pwolonjman tan pou yo kolabore plis epi finalize Pwopozisyon ak Rapò LTSP a, epi, nan limit ki posib, rive jwenn plis konsansis sou Pwopozisyon LTSP a. Nan dat 7 avril 2025, Depatman an te aksepte mosyon sa a, li te pwolonje dat limit pou depo a jiska vandredi 9 Me 2025. Nan dat 9 Me 2025, Konpayi Distribisyon yo te depoze Pwopozisyon LTSP a ansanm pou Depatman an egzamine ak apwouve. Depatman an te anrejistre pwosedi sa a kòm D.P.U. 25-20.

Dokiman an gen ladan Rapò Pati Konsène nan LTSP a (“Rapò Pati Konsène”), Kad Konpayi Distribisyon yo pou LTSP pou Pwodiksyon Desantralize (“Kad”), ak lòt atachman dokiman sipò. Kad la idantifye LTSP a kòm pwosesis ki pran devan nan nivo sistèm pou fasilite entèkoneksyon DER yo, yon fason ki efikas epi rantab, pou soutni objektif klima, enèji ak klima Commonwealth la, tout sa pandan y ap konsidere tou enpak potansyèl chaj elektrifikasyon alontèm nan. Objektif LTSP a ki pwopoze a se pou ranplase Pwogram Pwovizwa Planifikasyon Sistèm Depatman an te etabli nan D.P.U. 20-75-B (2021). Si Depatman an apwouve Pwopozisyon LTSP a, chak Konpayi Distribisyon t ap depoze yon Pwopozisyon LTSP pou konpayi an preziman pou enkli rekipasyon frè nan men kontribyab yo.

Nan Kad LTSP a, Konpayi Distribisyon yo pwopoze yon metodoloji alokasyon pri, ki kalke sou kad alokasyon pri ki etabli nan D.P.U. 20-75 la, ki gen ladan yon Frè Kapasite Echèman Pwoaktif (“Frè PHC”). Konpayi Distribisyon yo deklare ke Frè PHC a baze sou prensip

benefisyè-peyè, siyal devlopman solid, ak rantabilite. Li gen objektif ankouraje yon distribisyon depans ekitab ant enstalasyon DER yo ak kontribyab yo. Konpayi Distribisyon yo pral evalye Frè PHC a pou enstalasyon DER ki aplikab yo pou reflekte pati pwopòsyonèl enstalasyon sa nan frè enfrastrikti komen nesesè ki asosye ak aktivasyon pwoaktif kapasite ebejman an. Pou rekipere frè investisman LTSP yo, Konpayi Distribisyon yo pwopoze Faktè Planifikasyon Sistèm Alontèm (“LTSPF”) kòm yon frè rekonsilyasyon ki pa ka kontounab. Konpayi Distribisyon yo deklare y ap kòmanse angaje kolaborasyon pati konsène yo avèk Sou-gwoup LTSP a, ki òganize kòm yon sou-gwoup nan Konsèy Konsiltatif Modènizasyon Rezo a, pa pita pase 60 jou apre yon Òdonans Depatman an ki etabli yon LTSP.

Depatman an pral òganize yon odyans piblik vityèl pou resevwa kòmantè sou Pwopozisyon LTSP Konpayi Distribisyon yo. Depatman an gen entansyon òganize yon sesyon enfòmasyon enfòmèl touswit apre odyans piblik la pou pèmèt pati konsène nan gwoup travay LTSP a jwenn opòtinite pou bay kontèks pou depo a epi pou pèmèt Depatman an poze kesyon debaz. Pandan odyans piblik la, nenpòt manm nan piblik la ap kapab bay kòmantè. Depatman an pral fè yon odyans piblik pa mwayen videyokonferans Zoom nan **Madi 1 Jiyè 2025**, apati 1:30 p.m. Pou patisipe, patisipan yo ka antre nan lyen <https://us06web.zoom.us/j/87205138686>, sou yon konpitè, smatfòn, oubyen yon tablèt. Li pa obligatwa pou telechaje okenn lojisyèl davans. Pou jwenn aksè odyo sèlman nan odyans lan, patisipan yo ka rele nan 1 (646) 558-8656 (apèl la pa san frè) epi apresya antre nimewo ID Webinè a: 872 0513 8686. Si ou prevwa bay kòmantè an pasan pa Zoom pandan odyans piblik la, tanpri voye yon imèl anvan **vandredi 27 Jen 2025** bay katherine.e.stock@mass.gov, annemarie.belle@mass.gov, ak kristen.lommele@mass.gov avèk non w, adrès imèl ou, ak adrès postal ou. Yon lòt opsyon, nenpòt moun ki vle bay kòmantè alekri sou afè sa a ka soumèt kòmantè yo bay Depatman an pa pita pase lè fèmte biwo (5:00 p.m.) nan **Madi 1 Jiyè 2025** epi reponn kòmantè alekri pa pita pase lè fèmte biwo (5:00 p.m.) nan **Madi 22 Jiyè 2025**.

Depatman an prevwa yon kantite moun pral enterese nan pwosedi sa a epi li ankouraje moun ki enterese yo prezante pozisyon konsansis epi soumèt kòmantè ansanm, lè sa posib. Kòmantè ekri ki sot nan piblik la ka voye pa imèl bay dpu.efiling@mass.gov, katherine.e.stock@mass.gov, annemarie.belle@mass.gov, kristen.lommele@mass.gov ak avoka Konpayi Distribisyon yo, Patrick Taylor, Esq., taylorp@unitil.com; Nancy D. Israel, Esq., nancy.israel@nationalgrid.com; ak John K. Habib, jhabib@keeganwerlin.com. Fòk ou konnen pou rezon transparans, nenpòt kòmantè pral poste sou sit entènèt nou an jan yo resevwa yo epi san retire enfòmasyon pèsònèl, tankou adrès, nimewo telefòn, oswa adrès imèl. Pakonsekan, konsidere kantite enfòmasyon ou vle pataje lè w ap soumèt kòmantè yo. Depatman an ankouraje

ak tout fòs pou piblik la soumèt kòmantè pa imèl. Sepandan, si yon manm piblik la pa kapab voye kòmantè alekri pa imèl, yo ka voye yon kopi papyè bay Mark D. Marini, Secretary, Department of Public Utilities, One South Station, Boston, Massachusetts, 02110.

Nenpòt moun ki vle patisipe yon lòt jan nan faz prèv pwosedi sa a dwe depoze yon petisyon pou otorizasyon pou entèvni pa pita pase 5:00 p.m. nan **Vandredi 27 jen 2025**. Yon petisyon pou otorizasyon pou entèvni dwe ranpli kondisyon tan ak sibstans ki nan 220 CMR 1.03. Lè Depatman an resevwa li, sa reprezante yon depo epi li detèmine si yon petisyon te depoze alè. Yon petisyon ki depoze anreta ka refize paske li pa depoze alè, sof si yo bay yon motif valab pou egzanpsyon dapre 220 CMR 1.01(4). Pou li otorize, yon petisyon dapre 220 CMR 1.03(1), dwe satisfè kondisyon resevabilite GL c. 30A, § 10. Tout repons pou petisyon pou otorizasyon pou entèvni dwe depoze anvan fèmte biwo (5:00 p.m.) nan dezyèm jou ouvrab apre petisyon otorizasyon pou entèvni an te depoze.

Pwokirè Jeneral Commonwealth of Massachusetts la (“Pwokirè Jeneral”) te depoze yon avi pou entèveni nan afè sa a dapre GL c. 12, § 11E. Anplis, dapre GL c. 12, § 11E(b), Pwokirè Jeneral la te depoze yon avi sou entansyon pou angaje ekspè ak konsiltan pou ede l nan ankèt li sou dosye Konpayi an epi li te mande apwobasyon Depatman an pou depanse jiska \$150,000 nan sans sa a. Annakò avèk GL c. 12, § 11E(b), depans Pwokirè Jeneral la te fè anrapò ak angajman ekspè ak konsiltan li yo ka rekipere nan tarif Konpayi an. Nenpòt moun ki vle fè kòmantè sou avi Pwokirè Jeneral la konsènan entansyon pou angaje ekspè ak konsiltan ka soumèt kòmantè alekri bay Depatman an pa pita pase lè fèmte biwo (5:00 p.m.) nan **Madi 24 Jen 2025**

Tout dokiman yo dwe soumèt bay Depatman an nan **fòma .pdf** pa atachman nan imèl bay dpu.efiling@mass.gov, katherine.e.stock@mass.gov, annemarie.belle@mass.gov, ak kristen.lommele@mass.gov. Tèks imèl la dwe presize: (1) nimewo dosye pwosedi a (D.P.U. 25-20); (2) non moun oswa konpayi k ap soumèt dosye a; epi (3) yon tit kout deskriptif pou dokiman an. Tout dokiman ki soumèt nan fòma elektwonik pral afiche sou sitwèb Depatman an anpasan pa Sal Dosye sou entènèt nou an dèke sa posib (antre “25-20”) nan: <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber>. Anplis de sa, yon kopi tout kòmantè ekri ak petisyon pou entèvni yo dwe voye pa imèl bay avoka Konpayi Distribisyon yo jan li endike anwo a.

Dokiman LTSP a ak tout dokiman asosye annapre ki soumèt bay Depatman an oswa ki soti nan Depatman an ap disponib sou sitwèb Depatman an jan li mansyone anwo a dèke sa posib. Nan mezi yon moun oswa yon antite vle soumèt kòmantè oswa vle entèveni annakò avèk Avi sa a, li sifi pou soumèt elektwonikman, jan li dekri anwo a. Pou mande materyèl nan fòma

aksesib pou moun ki andikape (Braille, gwo karaktè, fichye elektwonik, fòm odyo), kontakte kowòdonatè ADA Depatman an nan eeadiversity@mass.gov, (617) 626-1282.

Pou plis enfòmasyon konsènan depo LTSP Konpayi Distribisyon yo, tanpri kontakte avoka Konpayi Distribisyon yo, ki idantifye anwo la a. Pou plis enfòmasyon konsènan Avi sa a, tanpri kontakte Annemarie Belle, Katherine Stock, Ajan Odyans yo, ak Kristen Lommele, Konseye Politik Espesyal sou Chanjman Klima, Depatman Sèvis Piblik yo, nan Katherine.E.Stock@mass.gov, annemarie.belle@mass.gov, and kristen.lommele@mass.gov.

SÈVIS TRADIKSYON AK ENTÈPRETASYON**English (Anglè)**

ATTENTION: Translation and/or interpretation services are available upon request. Please email Kaylee Burgess at dpu.ej@mass.gov to request language services, specifying your preferred language and contact information.

Português (Pòtigè)

ATENÇÃO: Disponibilizamos nossos serviços de tradução e/ou interpretação de acordo com a sua demanda. Para solicitar um serviço linguístico, envie um e-mail para Kaylee Burgess através do endereço dpu.ej@mass.gov, informando o idioma desejado e seus dados para contato.

(Chinwa Tradisyonèl)

提醒您：您可依照需求申請筆譯和/或口譯服務。請以電郵聯絡Kaylee Burgess（dpu.ej@mass.gov）來申請語言服務請求，請在電郵內註明需要的語言和聯絡資訊。

Tiếng Việt (Vyetnamyen)

LƯU Ý: Các dịch vụ biên dịch và/hoặc phiên dịch có sẵn theo yêu cầu. Vui lòng gửi email đến Kaylee Burgess theo địa chỉ dpu.ej@mass.gov để yêu cầu dịch vụ ngôn ngữ, nêu rõ ngôn ngữ ưa thích của quý vị và thông tin liên lạc

Español (Espayòl)

ATENCIÓN: Los servicios de traducción y/o interpretación están disponibles bajo solicitud. Por favor envíe un correo electrónico a Kaylee Burgess en dpu.ej@mass.gov para solicitar los servicios de idiomas, especificando su idioma preferido e información de contacto.

中文 (Chinwa Senplifye)

提醒您：您可依需要申請提供筆譯和/或口譯服務。請發送電子郵件給 Kaylee Burgess（dpu.ej@mass.gov）來申請語言服務要求，並注明您的首選語言和聯繫信息。

Kreyòl Ayisyen (Kreyòl Ayisyen)

ATANSYON: Gen sèvis tradiksyon ak/oswa entèpretasyon ki disponib sou demann. Tanpri voye imèl bay Kaylee Burgess nan dpu.ej@mass.gov pou mande sèvis lang, ki enfòm lang ou pi pito a ak enfòmasyon kontak ou.

Français (Fransè)

ATTENTION : Des services de traduction et/ou d'interprétation sont disponibles sur demande. Veuillez envoyer un e-mail à Kaylee Burgess à l'adresse dpu.ej@mass.gov pour demander des services linguistiques, en précisant votre langue préférée et vos coordonnées.

(Arab) العربية

يُرجى الانتباه: تتوفر خدمات الترجمة و/أو الترجمة الفورية عند الطلب.
 بإرسال Kaylee Burgess لطلب خدمات لغوية يُرجى التواصل مع
 تحدد فيها اللغة، dpu.ej@mass.gov، رسالة إلكترونية إلى العنوان
 المفصلة لديك وتذكر معلومات الاتصال.

ខ្មែរ (Khmer)


ជូនចំពោះ: សេវាកម្មប្រែក្លាយ
 និង/ឬអ្នកបកប្រែផ្ទាល់
 គឺមានតាមការស្នើសុំ។ សូមផ្ញើអ៊ីមែលទៅ
 Kaylee Burgess តាម dpu.ej@mass.gov
 ដើម្បីស្នើសុំសេវាកម្មប្រែក្លាយ
 ដោយបញ្ជាក់ភាសាដែលអ្នកចង់បាន
 និងព័ត៌មានទំនាក់ទំនង។

Русский (Ris)**ВНИМАНИЕ!**

Услуги письменного и/или устного перевода предоставляются по запросу. Для запроса услуг перевода обращайтесь к Kaylee Burgess по адресу dpu.ej@mass.gov. В запросе укажите язык перевода и контактную информацию.

한국 (Koreyen)

주의: 요청 시 번역 및/또는 통역 서비스가
 제공됩니다. Kaylee Burgess에게
dpu.ej@mass.gov로 이메일을 보내 선호하는
 언어와 연락처 정보를 명시하여 언어
 서비스를 요청하십시오.



Commonwealth Massachusetts

DEPATMAN SÈVIS PIBLIK YO

LÒD POU AVI

D.P.U. 25-20

13 Jen 2025

Petisyon NSTAR Electric Company, ki fonksyonnen avèk non Eversource Energy, Massachusetts Electric Company ak Nantucket Electric Company, chak ki fonksyonnen avèk non National Grid, epi Fitchburg Gas and Electric Light Company, ki fonksyonnen avèk non Unitil pou apwobasyon Depatman Sèvis Piblik pou Pwopozisyon Pwosesis Planifikasyon Sistèm Alontèm Konpayi yo, jan Depatman an te endike nan Plan Modènizasyon Sektè Elektrik, D.P.U. 24-10/D.P.U. 24-11/D.P.U. 24-12 (2024).

NSTAR Electric Company, ki fonksyonnen avèk non Eversource Energy, Massachusetts Electric Company ak Nantucket Electric Company, chak ki fonksyonnen avèk non National Grid, epi Fitchburg Gas and Electric Light Company ki fonksyonnen avèk non Unitil (yo tout ansanm deziyen kòm, “Konpayi Distribisyon yo”) dwe pibliye Avi sou Depo, Odyans Piblik, ak Demann pou Kòmantè (“Avi”) ki atache a, pa pita pase **Vandredi 20 jen, 2025** swa nan The Boston Globe oswa nan Boston Herald. **Vandredi 20 jen 2025**, Konpayi Distribisyon yo dwe voye yon kopi Avi ki atache a nan: (1) lis sèvis nan NSTAR Electric Company, D.P.U. 24-10, Massachusetts Electric Company ak Nantucket Electric Company, D.P.U. 24-11, ak Fitchburg Gas and Electric Light Company, D.P.U. 24-12; (2) manm gwoup travay pati konsène sou Pwopozisyon Planifikasyon Sistèm Alontèm nan ki reyini dapre Plan Modènizasyon Sektè Elektrik la, D.P.U. 24-10/DPU 24-11/DPU 24-12 (2024); epi (3) nenpòt moun ki te depoze yon demann pou notifikasyon nan yon Konpayi Distribisyon. Sèvis Konpayi Distribisyon yo gendwa elektwonik, sa Depatman Sèvis Piblik yo (“Depatman an”) jije ki rezonab epi ki ale nan enterè piblik la.

Nan twa jou ouvrap apre yo fin resevwa Avi ki atache a, Konpayi Distribisyon yo dwe mete Avi a yon kote ki byen vizib sou sit entènèt pa yo chak jiska omwen 1 **Jiyè** 2025. Konpayi Distribisyon yo dwe fè yon retou sèvis, prèv piblikasyon, ak sètifikasyon afichaj la bay Depatman an nan odyans piblik la.

Dapre Lòd Depatman an,

/s/

Mak D. Marini, Sekretè